# Xızmetler tarawınıń rawajlanıwı - a'melge asırılıp atırǵan reformalardıń aynası.

Búgingi kúnde xızmetler tarawı Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikasınıń jedel rawajlanıp atırǵan tarmaqlarınan biri bolıp esaplanadı.

2020-jıl yanvar-aprel aylarında bazar xızmetleri kólemi 1772,2 mlrd. sumdı quraǵan bolıp, ótgen jıldıń usi dáwirine salıstırǵanda 96,5 % ke ósti.

Xızmetler quraminda jámi xızmetlerdiń eń úlken úlesi transport xızmetleri (24,5 %), sawda xızmetleri (22,3 %), finansliq xızmetler (22,3 %), baylanis ha'm ma'limleme xızmetleri (6,7 %) esesine tuwri keledi.

**2020-jıl yanvar-aprel aylarında kórsetilgen xızmetler quramı, % te**




*Maǵlıwmat ushın: 2019-jıl yanvar-aprel aylarinda kórsetilgen bazar xızmetleriniń kólemi 1678,5 mlrd. sumǵa teń bolǵan.*

2020-jıl yanvar-aprel aylarında kórsetilgen bazar xızmetleri kólemi ótgen jıldıń usi dáwirine salıstırǵanda (93,7 mlrd. sumǵa) ósti. Jıldıń aldıńǵı 2020-jıl yanvar-mart ayları dáwrine salıstırǵanda xızmetler kólemi (279,5 mlrd. sumǵa) kóbeydi.

**Ayrım xizmet túrleri kóleminiń salıstırılıwı, mlrd. sum**




Transport xızmetleri (57,2 mlrd. sumǵa), sawda xızmetleri (59,9 mlrd. sumǵa), finanslıq xızmetler (98,9 mlrd. sumǵa), baylanıs hám málimleme (27,2 mlrd. sumǵa) sıyaqlı xızmetler kóleminiń asıwı 2020-jıl yanvar-mart aylarına salıstırılǵanda kórsetilgen bazar xızmetleri kóleminiń ósiwine sebeb boldı.

## 2020-jıl yanvar-aprel aylarında ekonomikalıq háreket túrleri boyınsha islep shıǵarılǵan xızmetlerdiń tiykarǵı kórsetkishleri

| | Kólemi, mlrd. sum | Ótken jılǵa salıstırǵanda ósim páti, % te |
|---|---|---|
| **Xızmetler – jámi** | **1772,2** | **96,5** |
| Sonnan | | |
| baylanıs hám málimleme xızmetleri | 119,0 | 109,9 |
| finanslıq xızmetleri | 394,9 | 133,8 |
| transport xızmetleri | 434,8 | 91,2 |
| sonnan: avtotransport xızmetleri | 219,4 | 86,5 |
| jasaw hám awqatlanıw xızmetleri | 49,0 | 89,8 |
| sawda xızmetleri | 394,6 | 89,9 |
| kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler | 48,5 | 76,5 |
| tálim tarawındaǧı xızmetler | 98,2 | 88,2 |
| densawlıqtı saqlaw tarawındaǧı xızmetler | 19,6 | 75,8 |
| ijara xızmetleri | 32,9 | 74,0 |
| kompyuterlerdi ońlaw boyinsha xızmetler | 45,5 | 78,6 |
| jeke xızmetler | 59,1 | 82,0 |
| arxitektura tarawındaǵı xızmetler | 27,6 | 64,9 |
| basqa xızmetler | 48,5 | 85,9 |

## 2020-jıl yanvar-aprel aylarında ekonomikalıq háreket túrleri boyınsha bazar xızmetleriniń ósim pátleri, % te




**1** Jámi xızmetler
**2** Baylanıs hám málimleme xızmetleri
**3** Finanslıq xızmetleri
**4** Transport xızmetleri
**5** Jasaw hám awqatlanıw xızmetleri
**6** Sawda xızmetleri
**7** Kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler
**8** Tálim tarawındaǵı xızmetler
**9** Densawlıqtı saqlaw tarawındaǵı xızmetler
**10** Ijara xızmetleri
**11** Kompyuterlerdi ońlaw boyınsha xızmetler
**12** Jeke xızmetler
**13** Arxitektura tarawındaǵı xızmetler
**14** Basqa xızmetler

2020-jıl yanvar-aprel aylarında ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda finanslıq xızmetleri (33,8 %), baylanıs hám málimleme xızmetleri (9,9 %) payda etken.

## 2020-jıl yanvar-aprel aylarında kórsetilgen bazar xızmetleriniń quramı, % te

| | |
|---|---|
| Transport xızmetleri | 24,5 % |
| Sawda xızmetleri | 22,3 % |
| Finanslıq xızmetler | 22,3 % |
| Baylanıs hám málimleme xızmetleri | 6,7 % |
| Tálim tarawındaǧı xızmetler | 5,5 % |
| Jeke xızmetler | 3,3 % |
| Jasaw hám awqatlanıw xızmetleri | 2,8 % |
| Kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler | 2,7 % |
| Basqa xızmetler | 2,7 % |
| Kompyuterlerdi ońlaw boyinsha xızmetler | 2,6 % |
| Ijara xızmetleri | 1,9 % |
| Arxitektura tarawındaǧı xızmetler | 1,6 % |
| Densawlıqtı saqlaw tarawındaǧı xızmetler | 1,1 % |

Jámi xızmetler quramında eń úlken úlesi transport xızmetleri (24,5 %), sawda xızmetleri (22,3 %), finanslıq xızmetler (22,3 %), baylanıs hám málimleme xızmetleri (6,7 %) úlesine tuwrı keledi.

## 2020-jıl yanvar-aprel aylarında ekonomikalıq háreket túrleri boyınsha xızmetler islep shıǵarıw kólemi

| | | |
|---|---|---|
|  | Transport xızmetleri | 434,8 mlrd. sum |
|  | Finanslıq xızmetler | 394,9 mlrd. sum |
|  | Sawda xızmetleri | 394,6 mlrd. sum |
|  | Basqa xızmetler | 128,6 mlrd. sum |
|  | Baylanıs hám málimleme xızmetleri | 119,0 mlrd. sum |
|  | Tálim tarawındaǵı xızmetler | 98,2 mlrd. sum |
|  | Jeke xızmetler | 59,1 mlrd. sum |
|  | Jasaw hám awqatlanıw xızmetleri | 49,0 mlrd. sum |
|  | Kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler | 48,5 mlrd. sum |
|  | Kompyuterlerdi ońlaw boyinsha xızmetle | 45,5 mlrd. sum |

Eń joqarı bazar xızmetleri kólemi transport xızmetleri (434,8 mlrd. sum), finanslıq xızmetleri (394,9 mlrd. sum), sawda xızmetleri (394,6 mlrd. sum), baylanıs hám málimleme xızmetlerinde (119,0 mlrd. sum) gúzetilgen.

Házirgi waqıtta sawda tarawı bazar talabın anıqlawshı tiykarǵı qatnasıwshılardan bolıp esaplanadı. Búgingi kúnde sawda xızmetleri mámleket ekonomikasında kórsetilip atırǵan xızmetler ulıwma kóleminiń sezilerli bólegin quraydı. Respublikada zamanagóy axbarot texnologiyalarınan paydalanǵan halda usaqlap satıw sawda tarmaqları rawajlanbaqta.

2020-jıl yanvar-aprel aylarında sawda xızmetleri kólemi 394,6 mlrd. sumǵa teń boldı. Kórsetilgen xızmetler ulıwma kólemindegi úlesi 22,3 % ti quradı.

Sawda xızmetleri quramına avtomobiller hám motocikller sawdasinan tısqari usaqlap satıw sawdası boyınsha xızmetleri úlken salmaqqa iye bolıp, oniń úlesi 80,4 % ti quradı.

Kótere sawda boyınsha xızmetlerdiń (avtomobiller hám motocikller sawdasınan tısqarı) úlesi 13,4 % ke jetti.

Avtomobiller hám motocikller ońlaw boyńınsha xızmetlerdi qosqan halda avtomobiller hám motocikller kótere hám usaqlap satıw sawdası boyınsha xızmetleri ulıwma sawda xızmetleri kóleminde 6,2 % ti iyeledi.

**2020-jıl yanvar-aprel aylarında sawda xızmetleri quramı, % te**



Zamanagóy bank xızmetlerin kórsetiw, solar qatarına “sanlı” banklar hám usaqli xızmetler kórsetiwge arnalǵan bank bólimlerin dúziw ushin innavacion bank texnalogiyaların sińdiriw, araliqtan turıp bank xızmetlerin kórsetiw, tólem sistemasin rawajlandiriw finans xızmetleriniń rawajlanıwına járdem berdi.

2020-jıl yanvar-aprel aylarında finanslıq xızmetler kólemi 394,9 mlrd. sumǵa teń bolıp, ótken jıldıń sáy dáwirine salıstırǵanda ósim páti 133,8 % ti kórsetti.

**2020-jıl yanvar-aprel aylarında finanslıq xızmetlerdiń quramı, % te**




**Xızmetler tarawı statistikası bólimi**
**71-230-82-15**